



METE ETIKÈT PASYAN

oswa

Non Pasyan an _____

Non Chirijyen an _____

MRN/Dat Nesans _____

**Konsantman Pou Pwosed/Operasyon
Transvaginal Cervical Cerclage
(Kouti Kòl Matris Atravè Vajen)**

Mwen, _____, atravè dokiman sa a, otorize
(Non pasyan/Responsab legal)

doktè _____ ansanm avèk
(Non doktè, dantis oswa chirijyen responsab)

avèk asistan sa li ka deziyen yo, menm jan ak lòt endividyèl ki oblije patisipe nan pwosed/operasyon an yo ka pa ko konnen nan moman sa a, men ki enkli moun yo ki nan paj 2 pou pèfòme pwosed/operasyon ki swiv la.

Kouti Kòl Matris Atravè Vajen: koud kòl matris la avèk yon fil.

(Non Pwosed/Operasyon ak Deskripsyon Anbrèf)

Non avèk pozisyon moun sa yo kap patisipe nan pwosed/operasyon an pral anrejistre nan dosye medikal la. Mwen konnen mwen kapab mande yon kopi dosye medikal mwen.

Mwen otorize tou nenpòt operasyon oswa pwosed anplis ke yo konsidere nesèsè sou baz de sa yo jwenn pandan pwosed/operasyon ke yo di a. Nenpòt tisi oswa pati yo retire pandan operasyon an, Sant Medikal nan Boston(Boston Medical Center) gen dwa jete yo selon pratik abityèl yo.

Yo te byen eksplike m nati, dire, ak objektif operasyon an, metòd altènativ posib oswa tretman ki posib yo (ki gen ladan l tou pa chwazi okenn tretman), risk ki enplike yo, ak posiblite pou konplikasyon. Mwen konprann gen yon chans pou ta genyen gwo risk oswa konplikasyon ka rive pandan pwosed a tankou, san sa pa limite ak sa:

enfeksyon, senyman, pa kapab anpeche akouchman prematire, domaj nan kòl matris oswa nan vajen, estimilasyon matris la ki ka lakòz kase lèzo oswa kontraksyon oswa tou ka lakòz foskouch.

Mwen konprann yo pa bay okenn garanti kanta rezilta pwosed/operasyon sa a.

Mwen konprann doktè mwen an kapab bezwen kite sal operasyon an pandan pwosed/operasyon m nan. Doktè/chirijyen mwen an te eksplike epi te reponn a tout kesyon mwen yo konsènan si li ta gen pou li absan.

Mwen konprann pwosed/operasyon sa a kapab genyen valè edikasyonèl oswa syantifik. Si sa ta rive pou ta gen tounaj klinik(anrejistremen pa foto, videyo, medya elektwonik oswa odyo) klinisyen mwen dwe enfòme mwen davans sou izaj avèk objektif tounaj klinik la anvan tounaj nenpòt lè li posib. Mwen konprann ke mwen genyen dwa refize nenpòt tounaj klinik la.

Mwen bay konsantman mwen pou administre(transfizyon) san oswa pwodui sängen yo pandan pwosed/operasyon oswa nan peryòd touswit apre operasyon an, si sa ta merite. Mwen okouran sa enplike risk anplis, ki gen ladan li men ki pa limite a: lafyèv ak reyaksyon alèjik, transmisyon maladi tankou epatit, VIH/SIDA avèk sitomegaloviris, ak sichaj likid.

Si w refize itilize san oswa pwodui sängen yo: Doktè/chirijyen mwen te eksplike m risk ki genyen yo pou refi transfizyon san oswa pwodwi sängen yo si li jije nesèsè pandan pwosed/operasyon ki planifye a. Mwen konprann si mwen refize pou aksepte yon transfizyon san, si sa ta rive nesèsè pandan oswa touswit apre pwosed/operasyon sa a, sa kapab ekspozè m a yon pi gwo risk pou konplikasyon oswa konsekans katastwofik ki gen ladan l men ki pa limite a: konjesyon serebral, kriz kadyak, ensifizans ren(dyaliz), entibasyon pwolonje, andikap pèmanan, avèk lanmò. Malgre sa, mwen refize transfizyon san oswa pwodui sängen yo.

Inisyal Pasyan: _____

Mwen konprann li posib pou genyen youn oswa plis pwofesyonèl ki nan endistri swen sante(reprezantan teknik yo pou ekipman medikal avèk aparèy konpayi yo) kapab prezan pandan pwosed/operasyon pou rezon konsèy ki konsène sèlman yon pwodui.

Konsantman Pou Pwosed/Operasyon Transvaginal Cervical Cerclage (Kouti Kòl Matris Atravè Vajen)

Si yo pral sèvi avèk kalman pandan pwosed/operasyon sa a pou kontwole doulè mwen, mwen konprann metòd sa pou kontwole doulè sa genyen risk ladan l. Risk sa yo gen ladan yo men ki pa limite a: diminyon tansyon ateryèl ki ka mande pou bay sewòm ak/oswa medikaman yo nan venn epi difikilte pou respire ki mande pou mete sipò pou respirasyon. Efè segondè kalman ki pi kouran yo se kèplen ak vomisman. Nan kèk ka ra, gendwa genyen reyaksyon alèjik oswa kriz kadyak(kè a sispann bat). Mwen konnen mwen kapab genyen doulè apre m fini pran kalman.

Mwen sètifye mwen te li epi te konprann konsantman ki anlè a annantye, yo te ban m eksplikasyon yo, epi doktè/chirijyen an te reponn tout kesyon mwen yo. Mwen konsanti pou pwosed/operasyon sa a.

OU DWE ANREJISTRE DAT/LÈ

Siyen Non: _____ Ekri an lèt detache Non: _____ Dat: _____ Lè: _____
Pasyan

Siyen Non: _____ Ekri an lèt detache Non: _____ Dat: _____ Lè: _____
Paran/Gadyen Legal/Reprezantan(si sa kapab aplike)

Siyen Non: _____ Ekri an lèt detache Non: _____ Dat: _____ Lè: _____
Founisè/Doktè/Chirijyen

Mwen te analize eksplikasyon founisè a. (Entèprèt la dwe siyen anba la, si sa aplikab)

Siyen Non: _____ Ekri an lèt detache Non: _____ Dat: _____ Lè: _____

				MIZAJOU DAT PWOSEDI/OPERASYON, SI APLIKAB		
	Patisipan	Non	Ane	Pasyan Inisyal yo	Dat	Hora
<input type="checkbox"/>	Asosye					
<input type="checkbox"/>	Doktè Rezidan					
<input type="checkbox"/>	Asistan Doktè Enfimye Lisansye					
<input type="checkbox"/>	Enfimye(è) Fanmsaj					
<input type="checkbox"/>	Lisansye Praktisyen					
<input type="checkbox"/>	Lòt					

				MIZAJOU DAT PWOSEDI/OPERASYON, SI APLIKAB		
	Patisipan	Non	Ane	Pasyan Inisyal yo	Dat	Hora
<input type="checkbox"/>	Asosye					
<input type="checkbox"/>	Doktè Rezidan					
<input type="checkbox"/>	Asistan Doktè Enfimye Lisansye					
<input type="checkbox"/>	Enfimye(è) Fanmsaj					
<input type="checkbox"/>	Lisansye Praktisyen					
<input type="checkbox"/>	Lòt					